दिन—सोमवार दिनांक—27.05.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

भारतीय जनता पार्टीक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे आत्म निर्भर भारतक उद्‌देश्य स्वदेशी प्रतिभा संग रोजगार मे वृद्धि के बढ़ावा देबाक अछि। श्री मोदी एक समाचार एजेंसी के देल गेल साक्षात्कार मे कहलनि जे प्रत्यक्ष लाभ अंतरण—डीबीटीक माध्यम सँ लाभार्थी लोकनिक खाता मे अड़तीस लाख करोड़ सँ बेसी टाका पठाओल गेल अछि। श्री मोदी भ्रष्टाचारक मामिला मे विभिन्न जांच एजेंसी द्वारा जारी जांचक चर्चा करैत कहलनि जे सरकार भ्रष्टाचार एकदम नहि बर्दास्त कयलक अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे सरकारक प्रत्येक निर्णयक केन्द्र मे राष्ट्र प्रथम अछि।

---

लोकसभा चुनावक सातम आ अंतिम चरण लेल प्रचार जोर—शोर सँ चलि रहल अछि। एहि चरण मे प्रदेशक आठ संसदीय क्षेत्र— नालंदा, पाटलिपुत्र, पटना साहिब, आरा, बक्सर, सासाराम, काराकाट आ जहानाबाद सीट पर एक जून के मतदान होयत। कांग्रेसक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी आइ पटना साहिब संसदीय क्षेत्रक खुसरूपुर मे इंडी गठबंधनक प्रत्याशी अंशुल अविजितक समर्थन मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। श्री गांधी दावा कयलनि जे जनता सत्ता परिवर्तनक मन बना लेलक अछि। ओ कहलनि जे चारि जूनक बाद इंडी गठबंधनक सरकार बनत आ अग्निवीर योजना के समाप्त कऽ देल जायत। श्री गांधी पाटलिपुत्र संसदीय क्षेत्रक पालीगंज मे राजद उम्मीदवार मीसा भारतीक समर्थन मे एक चुनावी सभा के संबोधित करैत कहलनि जे केन्द्रक मोदी सरकार दस वर्षक कार्यकाल मे लोकक हित सभक अवहेलना कयलक अछि। दुनू सभा के राजद नेता तेजस्वी यादव वीआईपी प्रमुख मुकेश सहनी आ भाकपा मालेक राष्ट्रीय महासचिव दीपांकर भट्‌टाचार्य सेहो संबोधित कयलनि। राहुल गांधीक सभा आरा संसदीय क्षेत्रक जगदीशपुर मे सेहो आयोजित कयल गेल।

---

जदयू अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार नालंदा संसदीय क्षेत्रक हिलसा मे एक रोड़–शो कयलनि आ एक चुनावी रैली के सेहो संबोधित कयलनि। श्री कुमार कहलनि जे दू हजार पच्चीस धरि राज्य मे दस लाख सरकारी नोकरी देबाक लक्ष्य प्राप्त कऽ लेल जायत। एम्हर, भाजपाक वरिष्ठ नेता आ मध्य प्रदेशक मुख्यमंत्री मोहन यादव पाटलिपुत्र लोकसभा क्षेत्रक मनेर मे पार्टी प्रत्याशी रामकृपाल यादवक समर्थन मे चुनावी सभा के संबोधित करैत कहलनि जे मात्र प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देश के स्थायी नेतृत्व दऽ सकैत छथि। श्री यादव पटना साहिब लोकसभा सीटक कालादियारा मैदान आ टेका बिगहा मैदान मे पार्टी प्रत्याशी रविशंकर प्रसादक समर्थन मे सेहो चुनावी सभा के संबोधित कयलनि।

———————————————————————

निर्वाचन आयोग छठम चरणक अंतर्गत प्रदेशक आठ संसदीय क्षेत्र मे पच्चीस मई के सम्पन्न मतदानक संशोधित आकड़ा जारी कऽ देलक अछि। संशोधित आकड़ाक अनुसार कुल संतावन दशमलव एक आठ प्रतिशत मतदाता लोकनि अपन मताधिकारक प्रयोग कयलनि। ई वर्ष दू हजार उन्नैसक लोकसभा चुनावक तुलना मे एक दशमलव दू नओ प्रतिशत कम अछि। सभ सँ बेसी वैशाली संसदीय क्षेत्र मे बासठि दशमलव पांच नओ प्रतिशत मतदान भेल अछि। समस्तीपुर मे कुल साठि दशमलव एक–एक, दरभंगा मे संतावन दशमलव तीन सात, मधुबनी मे तीरेपन दशमलव शून्य चारि आ सीतामढ़ी मे छप्पन दशमलव दू एक प्रतिशत मतदान भेल अछि।

———————————————————————

राजधानी पटना समेत प्रदेशक दक्षिण–पूर्व आ दक्षिण –मध्य भागक विभिन्न स्थान पर भीषण गर्मीक प्रकोप बनल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार प्रदेशक पन्द्रह सँ बेसी जिला मे पारा चालीस डिग्री सेल्सियस सँ ऊपर रिकॉर्ड कयल गेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला किछु दिन धरि किछु ठाम लू चलबाक संभावना बनल अछि। कतेको स्थान पर राति मे तापमान मे वृद्धि भेला सँ गर्म राति हेबाक स्थिति बनल रहत।

———————————————————————

ओम्हर, बंगालक खाड़ी मे उठल चक्रवातीय तुफान रेमलक प्रभाव सँ पश्चिम बंगाल सँ सटल राज्यक उत्तर–पूर्व भाग अररिया, किशनगंज, पूर्णिया कटिहार आ भागलपुर समेत प्रदेशक उत्तर–पूर्व आ दक्षिण–पूर्व भाग मे कतेको ठाम अगिला दू दिन धरि अन्हर आ

बरखाक संग ठनका खसबाक आशंका बनल अछि। तुफानक व्यापक प्रभाव के नजरि मे राखि पटनाक कोलकाताक मध्य कतेको उड़ान के रद्द कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————

अंतर्राष्ट्रीय योग दिवसक तैयारीक क्रम मे आइ बोधगया स्थित मोरारजी देसाई राष्ट्रीय योग संस्थानक दिस सँ सामुहिक योग अभ्यासक ओयाजन कयल गेल। मगध विश्वविद्यालय बोधगयाक फुटबॉल मैदान मे आयोजित कार्यक्रम उद्घाटन योग संस्थानक निदेशक डॉक्टर काशीनाथ समागंडी कयलनि। कार्यक्रम मे पैघ संख्या मे बौद्ध भिक्षु लोकनि सेहो भाग लेलाह।

———————————————————————

देशक पहिल प्रधानमंत्री जवाहर लाल नेहरूक पुण्य तिथि पर आइ हुनका श्रद्धापूर्वक स्मरण कयल गेल। पटनाक नेहरू पार्क मे आयोजित कार्यक्रम मे जिलाधिकारी शीर्षत कपिल अशोक हुनक प्रतिमा पर पुष्प माला अर्पित कऽ श्रद्धांजलि देलनि।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक खुटौना थाना क्षेत्र मे छापामारी अभियान चला कऽ पुलिस चारि अपराधी के हथियारक संग गिरफ्तार कयलक अछि। हिनका लऽग सँ चारि बाईक सेहो बरामद कयल गेल अछि।

बेगूसराय जिलाक चकिया थाना अंतर्गत सिमरिया कानू टोलाक आमगाछी सँ पुलिस अपराधक योजना बना रहल दू अपराधी के हथियार आ कारतूसक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।